

## Ki sa ki vaksen kont grip la?



Vaksen kont grip la anpeche w trape grip, epi li fè grip la vin pi lejè si ou trape li. Li ede w tou pa gaye grip la bay fanmi w ak lòt moun.

Vaksen kont grip la p ap fè ou trape grip!

## Prevni epi Pwoteje.



Pi bon prevansyon pou pwoteje tèt ou ak lòt moun se pran vaksen kont grip la.



Grip la ka danjere pou kèk moun. Moun ki gen plis pase 65 an oswa ki gen sèten pwoblèm sante oswa sistèm iminitè ki fèb pi ekspoze.



Pou pwoteje tèt ou, lave men ou ak dlo ak savon, oswa sèvi ak dezenfektan pou men.



Toujou kouvri bouch ou ak nen ou ak anndan koud ou lè ou touse oswa etènye. Pa sèvi ak men ou.

# Grip se yon Maladi Ki Grav.

Li ka mennen ou lopital e, nan kèk ka, lakòz lanmò. Chak sezon grip diferan. Menm moun ki an sante ka trape grip la epi gaye li bay lòt moun. Vaksen kont grip la pwoteje kont viris ki lakòz grip la. Vaksen sa ede kò ou devlope antikò de semèn apre ou fin pran li.

## Ki kote ou ka pran vaksen kont grip la?



DOKTÈ  
OU



FAMASI  
LOKAL OU

– Pa bezwen pran randevou.

(tankou CVS, Duane Reade, Walgreens,  
Target, Walmart)



NOU KA EDE.

Si ou bezwen èd pou pran randevou oswa si ou gen nenpòt kesyon sou kijan ou ka pran vaksen kont grip la, tanpri rele VillageCareMAX Care Manager oswa **Member Services** nan **1-855-996-8850**. Itilizatè TTY yo ta dwe rele **711**. Nou disponib soti 8:00 a.m. rive 8:00 p.m., 7 jou pa semèn.



[www.villagecaremax.org](http://www.villagecaremax.org)

**1-855-296-8800 (TTY 711)**

**8:00 a.m. rive 8:00 p.m., 7 jou pa semèn.**

VillageCareMAX se yon plan HMO ak kontra Medicare ak Medicaid Eta New York. Enskripsyon nan VillageCareMAX depann de renouvèlman kontra.